

Apèsi sou Pwojè a

Depatman Transpò Connecticut la (CTDOT) ap fè yon etid sou Planifikasyon ak Lyen avèk Anviwònman (PEL) pou I chèche mwayen pou I amelyore mobilite ansanm avèk koridò I-95 ki sitiye ant Sòti 7 ak 9 la, pou I reponn ak beswen aktyèl ansanm ak bezwen alavni yo, ak pou I idantifye posiblite pou I amelyore fonksyonman trafik, lè vwayaj, ak sekrite. Etid sa vize jwenn mwayen pou I amelyore mobilite pou tout moun k ap itilize rezo wout lokal la epi k ap pase sou I-95 la.

Etid la pral egzaminen tou konsèp pou ranple pon vyeisman I-95 la sou Metro-North Railroad (MNRR) ak Myrtle Avenue.

Kisa pwodui etid la ap ye?



Pwodui a pral yon rapò ki dekri yon vizyon pou zòn etid la epi li founi yon seri solisyon ki rekòmande.

Solisyon sa yo pral gen ladan yo amelyorasyon akoutèm (3-5 lane) ansanm ak amelyorasyon a mwayen tè (5-15 lane), ak amelyorasyon alontèm (15 lane oswa plis).

Akoutèm
3-5 lane

A Mwayen Tèm
5-15 lane

Alontèm
15+ lane

Rapò a pral pran an kont kominote lokal yo ansanm ak lòt devlopman, plan konsèvasyon lokal, plan devlopman, ansanm ak kontribisyon piblik la ak ajans yo.



Patisipe!



Ale sou sitwèb nou an

Ale sou i95stamford.com tpu jwenn plis enfòmasyon sou pwojè a, gade dokiman yo, ak pou kite kòmantè.

Swiv nou sou rezo sosyal yo

 @95StamfordPEL

 @I95StamfordPEL

 I95StamfordPEL

 @i95Stamford



Voye imèl ba nou

Jonathan Dean, PE, Jesyonè Pwojè
Jonathan.Dean@ct.gov



Rele nou

860-594-3211



I-95 Stamford

Etid sou Lyen ki genyen ant Planifikasyon ak Anviwònman

www.i95stamford.com



Kisa nou rive aprann jiskaprezan?

Ekip etid la te okipe ap kolekte done sou kondisyon ki deja egziste yo pou I reponn ak bezwen kominote a, aksyonè yo, ansanm ak reprezantan yo nan vil la te kominike yo, ak pou I fè rekòmandasyon posib pou I reponn ak bezwen sa yo. W ap kapab jwenn rapò sa sou i95stamford.com/documents. Pwen enpòtan yo nan rezilta yo se sa ki vini annapre yo.

Enfrastrikti a ap pran laj

Ansyen wout yo dwe ranje, epi yo dwe ranplase pon I-95 la sou MNRR ak Myrtle Avenue a.

Yo dwe prezève resous yo

Gen plizyè batiman ak katye istorik nan zòn etid la (pa egzanp, Pike House, Old Main Post Office, Church of the Holy Name of Jesus). Si yon pwòjè konstriksyon ta ka gen enpak sou yon batiman istorik, y ap oblije fè efò pou diminye sou sa nan objektif pou minimize efè negatif yo. Egzanp efò pou diminye sou efè yo gen ladan yo kouvèti pwoteksyon, kontwòl pousyè, ansanm ak baryè anti-bri.

Stamford se yon kominote ki divèsifye

Gen yon melanj kilti dinamik ansanm ak yon gwo reprezantasyon kominote minorite yo nan Stamford, sitou nan zòn etid la. Jiska 40% nan fanmi yo ki nan zòn etid la swa pa pale Anglè oswa yo pa alèz pou yo konvèse ann Anglè, kote anpil ladan yo se Panyòl oswa Kreyòl Ayisyen yo pale. Ekip la rekonèt tou ke fanmi yo ki nan zòn sa souvan gen revni ki pi ba pa rapò ak rès vil la.

Ki enpòtans sa genyen pou etid la?

Chak moun gen bezwen diferan - pou ni fason y ap deplase nan Stamford ak fason yo kapab pote bonjan kontribisyon nan etid la. Nou vle reponn ak bezwen pi gran kantite itilizatè ki posib la ak pou n itilize meyè zouti yo pou n fè sa a. Pandan y ap rekonèt ak abòde obstak lengwistik ak lòt obstak yo, ekip etid la kapab fè tout I sa I kapab pou I jwenn yon patisipasyon ki pi enklizif nan kominote a atravè diferan zouti sansibilizasyon, teknik, ansanm ak sèvis tankou tradiksyon.

Trafik la swiv yon modèl

Pifò moun k ap fè wout I-95 lan pran direksyon sid lematen e direksyon nò lezapremidi. Enpak konjesyon sou tan vwayaj la se:

I-95 Pwent Lematen nan Direksyon sid

~22 minit tan trajè siplemantè nan mi-koridò 3.2 a

- 35% nan liy prensipal trafik la soti nan sant vil Stamford
- Sòti 8 ak 7 la se destinasyon ki pi popilè san ranp

I-95 Pwent Lezapremidi nan Direksyon nò

~15 minit tan trajè siplemantè nan koridò a

- 48% nan liy prensipal trafik la soti pa devan nan I-95 (pa egzanp, Greenwich, New York, elatriye.)
- Orijin bretèl aksè lokal ki pi popilè a se Sòti 7 la (Canal St)

Transpò multimodal

Zòn etid la gen yon pakèt siklis, pyeton, ak moun k ap itilize transpò an komen. Yon kalkil pridan sou frekantasyon transpò an komen sou **CTtransit**, frekantasyon navèt, deplasman pyeton, ansanm ak kantite trafik veyikil ki fèt a kote Sant Transpò Stamford la (Stamford Transportation Center) te revele ke moun k ap itilize transpò an komen yo ak pyeton yo reprezante prèske 80% moun ki vwayaje nan North State Street. Lè n konsidere enpòtans mwayen transpò sa yo, li esansyèl pou n priyorize ak amelyore koneksyon sekirite pyeton ak siklis yo nan rezo wout lokal la nan zòn etid la.

